

## GID POU PARAN POU KLAS 3YÈM ANE

### Preparasyon Timoun Florida Pou yo Gen Yon Bèl Avni



Tout timoun Florida merite diplome nan lekòl segondè avèk konesans ak ladrès yo bezwen pou yo reyisi nan kolèj, nan karyè yo chwazi ak nan lavi yo. Nan anpil ane ki sot pase yo, Florida te fè gwo pwogrè akademik. Men, nou konnen mache travay jodi a egzije elèv diplome nou yo pou yo gen pi bon panse kritik, pi bon ladrès pou yo rezoud pwoblèm ak pi bon ladrès pou yo kominike pase anvan. Prensip siperyè ki ankouraje ak motive elèv nou yo enpòtan.

Pou satisfè bezwen sa a, dirijan edikasyon nan eta Florida te amelyore prensip pou matyè akademik nou yo, pou yo kreye nouveau egzijans pou sa elèv yo bezwen konnen ak kapab fè. Prensip Florida yo la pou asire TOUT elèv yo reyalize pi gwo potansyèl yo—kèlkeswa sa chemen an ka ye.


Preparasyon ptit ou li reyisi kòmanse nan klas matènèl epi li kontinye pandan ptit ou ap vanse nan chak klas. Gid sa a ap sipòte paran ak fanmi ki gen timoun ki nan **klas twazyèm ane**. Pou fè sa, gid la ap ede ou:

- **Aprann** Prensip Florida yo ak rezon ki fè yo enpòtan pou ptit ou.
- **Pale** avèk pwofesè ptit ou sou sa ptit ou ap aprann nan salklas la.
- **Sipòte** aprantisaj ptit ou nan fason pratik lakay ou.

### APRANN PRENSIP YO

Elèv Florida yo ap kontinye pratike anpil menm bagay yo te aprann nan klas twazyèm ane—ansanm avèk kèk ladrès siplemantè enpòtan. Elèv **klas twazyèm ane** yo ap aprann kalite lesson sa yo:

- Entèprete pwodui nonb antye, pa egzanp, entèprete  $5 \times 7$  kòm kantite total objè ki nan senk gwoup sèt objè yo chak. Dekri yon kontèks kote yon kantite total objè kapab eksprime kòm  $5 \times 7$ .
- Utilize miltiplikasyon ak divizyon nan limit 100 pou rezoud pwoblèm mo nan sitiayon ki konsève gwoup egal, varyete ak kantite mezi, pa egzanp, pa egzanp, lè ou utilize desen ak ekwasyon avèk yon senbòl pou kantite enkoni an pou reprezante pwoblèm nan.
- Konprann divizyon kòm yon pwoblèm enkoni-faktè. Pa egzanp, jwenn  $32 \div 8$  lè ou jwenn nonb ki fè 32 lè li miltipliye pa uit.
- Rezoud pwoblèm mo an de etap avèk kat operasyon yo. Reprezante pwoblèm sa yo avèk ekwasyon ki gen yon lèt ki reprezante kantite enkoni an. Evalye fason repons yo rezonab avèk kalkil mantal ak estrateji estimasyon ansanm ak fason pou awondi nonb yo.



Chak timoun devlope nan ritm pa li. Aktivite ki nan gid sa a se gid ki rekòmande pou laj espesyal pou lespri jèn timoun k ap grandi



Telechaje Prensip Florida pou Matematik pou Klas 3yèm Ane sou sitwèb [www.flstandards.org](http://www.flstandards.org)

#FLStandards  
Antre nan konvèrsasyon an



Kreyasyon: Depatman Edikasyon Florida (Florida Department of Education)

## PALE AVÈK PWOFESÈ PITIT OU



Lè w ap pale avèk pwofesè pitit ou, pa pè pale sou tout bagay. Olye ou pè pale sou tout bagay, kenbe konvèrsasyon an konsantre sou sijè ki pi enpòtan pou pitit ou. Nan klas twazyèm ane, ou ka mande poze pwofesè pitit ou kesyon tankou:

- Kijan pitit ou mande pitit mwen pou li montre travay li?
- Nan ki kèk matyè pitit ou travay pi byen? Ki kote pitit mwen bezwen èd siplemantè?

## SIPÒTE APRANTISAJ LA LAKAY OU

Ou kapab ankouraje pitit ou aprann lang ak literati anglè lakay ou nan fason ki amizan pou ou ak pitit ou. Eseye lide sa yo apre lekòl, nan jou wikenn epi pandan vakans lete.



Ede pitit ou aprann fraksyon lè ou kwit manje ak lè ou itilize tas mezi ak kiyè.



Ede pitit ou aprann pakè tab miltiplikasyon yon chif ak tab divizyon yon chif jiska 100. Pale sou vrè pwoblèm ki gen anpil etap yo, tankou, "Si ou monte bisiklèt ou nan blòk la senk fwa, lendi jiska vandredi, pandan yon mwa nèt, konbyen fwa w ap gen pou pase nan blòk la antou?"



Si pitza se manje fanmi an pi renmen, mande pitit ou pou li chèche konnen kijan pou li divize pitza a yon fason pou chak moun nan fanmi an gen yon kantite egalego.



Fè pitit ou patisipe nan pwojè atizana ak nan pwojè konstwiksyon. Mande li pou ede ou mezire, pou li ede ou nan kalkile kantite yon atik patikilye ki nesesè (penti, bwa, fondasyon, elatriye), epitou estime pri materyèl apa yo ak pwojè total la.



Itilize deplasman pou ale nan boutik manje angwo yo pou ede pitit ou pratike ladrès estimasyon ak mezi. Montre pitit ou balans lan nan depatman pwodui, epitou eksplike pwodui ki make yo ki endike liv ak ons. Mande pitit ou pou li sipoze pwa pwodui w ap achte yo epi answit pou pitit ou mezire pwa li pou ou.



Fè praktik estimasyon lè w ap achte avèk pitit ou, epi di konsa, "Nou gen sèlman \$10 dola (oswa \$20 dola, oswa kèlkeswa kantite lajan an ye) pou depanse lajan, epi djòb ou se pou estime lè nou rive toupre limit lan pandan n ap achte."



Ajoute papye milimetre nan zouti etid pitit ou epi fè pitit ou ranpli rektang ki gen menm sipèfisi men perimèt ki diferan.

Pale avèk pwofesè pitit oswa avèk direktè lekòl li pou ou aprann pi gwo lide pou sipòte aprantisaj li lakay ou.

**Telechaje Prensip Florida pou Matematik okonplè ak lòt resous pou paran yo sou sitwèb [www.flstandards.org](http://www.flstandards.org)**

Ou gen kesyon? Kontakte [JustforParents@fldoe.org](mailto:JustforParents@fldoe.org)